



Chè fanmi,

Sa a se yon rapèl pou si pitit ou a pral rantre nan lekòl presegondè otòn sa a, ou gen mwens pase yon semèn ki rete pou aplike. Delè pou voye aplikasyon lekòl presegondè pitit ou a se 1ye mas 2022.

Si w deja aplike, bravo —ou fini. Ou vle fè chanjman nan aplikasyon w lan? Ou ka fè sa nenpòt lè avan delè 1ye mas la.

Si w poko aplike, nou vle aplikasyon lekòl presegondè w la! Sa pa deranje pou aplike kounye a, menmsi ou pa sèten sou plan fanmi w pou otòn lan.

- Sonje lè w voye aplikasyon pitit ou a se plis chans ou genyen pou w jwenn yon òf nan yon pwogram ou vle!
- Ajoute 12 chwa pwogram nan aplikasyon pitit ou an nan lòd ou pi pito, avèk premye chwa w la anlè kòm # 1. Pa gen pi bon estrateji.
- Ranpli nenpòt lòt kondisyon pou pwogram odisyon.

Gen twa fason posib pou aplike:

1. Sou entènèt nan [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov)—gade videyo eksplikasyon sa a pou wè yon machaswiv etap pa etap!
2. Atravè konseye lekòl pitit ou a ye kounye a
3. Atravè yon Sant byenveni pou fanmi ([Family Welcome Center, FWC](https://www.familywelcomecenter.org))

Ou vle jwenn plis enfòmasyon? Ale nan [schools.nyc.gov/Middle](https://schools.nyc.gov/Middle). Pandan w la a, gade seri videyo nou yo, ki gide fanmi nan pwosesis admisyon lekòl presegondè a, paegzanp faktè ki detèmine òf ak kòman pou chwazi pwogram pou aplikasyon w lan.

Nou la pou ede w ak aplikasyon w lan ak nenpòt kesyon: pale avèk konseye lekòl aktyèl ou a, kontakte yon sant byenveni pou fanmi ([Family Welcome Center, FWC](https://www.familywelcomecenter.org)) oswa rele nan 718-935-2009.

Bòn chans,

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp). Si w ta renmen retire non w sou lis mesaj pou admisyon lekòl presegondè yo, tanpri klike la a. [la a](#)